



Pou Piblikasyon Imedya: 12/7/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN 64-INITE DEVLOPMAN LOJMAN A BON MACHE NAN PLATTSBURGH

Pati nan Inisyativ \$1 Billion House NY, Lojman sou Ampersand se Premye Lojman Devlopman A bon mache ki te premye planifye nan Konte Clinton

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman Pwopriyete sou Ampersand nan Vil Plattsburgh. Pwojè \$14.3 milyon an se premye devlopman pwojè ki oryante nan transpò piblik nan Konte Clinton, ofri aksè a transpò piblik ak nan yon ti distans pou mache tou pitit pou sant dacha, sèvis ak SUNY Plattsburgh. Devlopman an fè pati nan pwogram \$1 billion House NY Gouvènè a nan rezèv lojman a bon mache Eta New York nan omwen 15 ane. House NY prevwa pou l kreye oswa konsève 14,300 lojman a bon mache nan 2018.

“Chak Nouyòkè merite yon kote ki ansekirite, a bon mache ak desan ke yo rele lakay yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Achèvmman Pwopriyete yo sou Ampersand se yon lòt egzanp sou pwogrè reyèl nou te fè nan jenere opòtinite pou sila yo ki nan bezwen grasa inisyativ House NY mwen fyè pou m wè pwojè sa fini.”

“Pwopriyete yo sou Ampersand se yon egzanp ekselan sou vizyon Gouvènè Cuomo pou entegre moun nan kominote yo grasa itilizasyon mendèv lojman,” **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul** te deklare. “Devlopman sa a bay kay a bon mache nan yon kominote ou ka mache ki pratik, oryante nan transpò piblik - kreye yon plas ideyal pou devlope rasin nan Plattsburgh. Inisyativ House NY Gouvènè ap pèmèt Nouyòkè yo nan Plattsburgh, North Country, ak toupatou nan eta travay epi pwospere nan kominote lokal yo.”

Devlopman an prezante 64 inite youn - de- , ak apatman twa chanm akouche, enkli 25 inite ak sèvis sipò pou rezidan yo ki gen andikap sikyatrik. Devlopman kat-bilding lan gen ladan yon bilding kominotè avèk blanchisri, yon sal reyinyon, yon sal pou òdinatè, yon galri ak lakou rekreyasyon. Nèf inite yo aksesib, adapte epi pare pou antre pou moun yo ki gen yon mobilite redwi. Kat inite yo antyèman aksesib, adapte epi pare pou antre pou moun sila yo ki gen yon difikilte antandman oswa vizyon.

Devlopman mendèv la kontinye revitalizasyon zòn Plattsburgh la, konplete konpayi yo tankou SpencerARL, Prevost, ak Nova Bus sa kap elaji operasyon kreye travay pou rezidan yo nan zòn lan, grasa investisman eta.

Pwopriyete yo sou Ampersand lokalize toupre Consumer Square Shopping Center e li fèt pou li nan yon distans a pye tou kout pou ale nan sant dacha bò kote koridò Wout 3 ak nan SUNY Plattsburgh. Konte Clinton te bay yon bisabri dirèkteman sou sit Pwopriyete Ampersand e li ofri orè sèvis bis regilye pou rezidan yo.

Pwopriyete yo sou Ampersand ap kreye an patenarya avèk New York State Homes and Community Renewal (HCR), New York State Office of Mental Health (OMH), Regan Development, ak Community Preservation Corporation. Behavioral Health Services North, Inc, bay sèvis sipò, yon òganizasyon a bi non likratif ki bay yon laj varyete sèvis sante mantal nan Konte Clinton.

Pwojè \$14.3 milyon an te finanse avèk \$780,539 nan kredi taks lojman Revni Fèb grasa New York State Homes and Community Renewal (HCR), ki jenere apeprè \$7 milyon pou devlopman an. HCR te bay tou yon prè Fon Housing Trust pou \$2.177 milyon. Envestisman sa yo ap ogmante yon prè konstriksyon \$9 milyon nan Community Preservation Corporation, ansanm avèk yon prè \$4.9 milyon ki soti nan State of New York Mortgage Agency (SONYMA)-prè pèmanan Asire grasa Fon Retrèt Komen Eta.

Pri lwaye yo ap klase apati \$479-\$948 pa mwa e yo a bon mache pou kay ki gen revni nan oswa anba 50% nan revni mwayen zòn nan.

James S. Rubin, Komisyone New York State Homes and Community Renewal te deklare, “Angajman Gouvènè Cuomo pou travay an patenarya avèk kominote yo epi envesti nan pwojè ki divèsifye sosyalman epi ede amelyore lavi klèman afiche nan tout aspè Pwopriyete yo sou Ampersand. Pwojè sa pèmèt fanmi yo, patikilye, moun ki gen bezwen spesyal, pwofesyonèl, retirete, ak etidyan yo pou yo viv konfòtableman nan sant kominote yo. Inisyativ House NY Gouvènè a ap kreye opòtinite tankou sa nan Eta New York ak HCR – grasa dispozisyon Kredi Taks Revni Fèb, prè HTF ak asirans ipotèk SONYMA – fyè pou l fè pati nan transfòmasyon an.”

Dr. Ann Marie T. Sullivan te deklare, Komisyone Biwo Sante Mantal Eta New York te deklare, “Eta New York kontinye pou l elaji opòtinite pou moun yo ki gen andikap jwenn lojman a bon mache ki pwoteje, ansekirite, a bon mache. Pwopriyete yo sou Ampersand ap non sèlman bayabri, men tou lap sipòte moun yo ki bezwen retounen sou pye yo. Sou demann Gouvènè Cuomo, Biwo Sante Mantal la fyè paske li te ede bati plis pase 6,000 inite lojman pwoteje, ansekirite, a bon mache nan dènye katran ki sot pase yo, avèk 8,000 inite adisyonèl nan devlopman.”

Depite Elise Stefanik te deklare, “Lojman enpòtan sa ap fè yon wout long pou ede moun ki gen revni fèb ak fanmi yo nan Plattsburgh,” te deklare Depite Stefanik. “Li enpòtan pou kominote nou an ede sila yo ki gen bezwen, e nouèl sa se yon bon anons pou sezon fèt la pou kominote Plattsburgh. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te fè sa vini yon priyorite.”

Senatè Betty Little te deklare, “Ajoute bon jan kalite lojman a bon mache nan kominote yo enpòtan. Pwopriyete yo sou Ampersand se yon lòt atou nan zòn sa kap grandi e mwen remèsye Gouvènè a, vil la, ansanm avèk tout ekip la paske yo te pote

pwojè sa nan reyalite.”

Manm Asanble Janet Duprey te deklare, “Lè ou bay kay dirab a bon mache, atreyan nan yon lokasyon pratik, ou envesti nan avni patikilye, fanmi, ak tout kominote yo. Mèsi Gouvènè Cuomo, Vil Plattsburgh, ansanm avèk tout patnè yo ke angajman yo te fè devlopman sa posib. E konpliman a tout rezidan yo ki pral pwofite de nouvo kay yo.”

Rafael E. Cestero, Prezidan ak PDG Community Preservation Corporation te deklare, “Lè CPC finanse yon pwojè, nap envesti nan fanmi yo ki rele l lakay yo ak stabilite alontèm ak dinamis kominote lap sèvi a. Pwopriyete yo sou Ampersand se yon pwojè transfòmasyon ki pral bay yon kout men ak sans ki byen nesese pou mete plizyè douzèn fanmi New York kap travay, avèk sèvis sipò ansanm avèk jesyon ka pou sila yo ki bezwen l piplis. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò l, patnè nou yo nan Eta nan HCR ak OMH, devlopè pwojè yo Kenneth ak Lawrence Regan, SONYMA, ak Fon retrèt Komen Eta pou angajman yo pou pote yon resous bon jan kalite lojman a bon mache nan kominote Plattsburgh.”

Larry Regan, Prezidan ak PDG Regan Development te deklare, “Nou fyè dèske nou se yon patnè nan Pwopriyete yo sou Ampersand. Grasa angajman Gouvènè Cuomo a lojman a bon mache ak angajman tout patnè nou yo, nou anmezi pou devlope yon bèl kote pou viv pou moun yo ki nan bezwen nouvo kay, enèji efikas. Sa te yon eksperyans pozitif pou travay avèk Vil Plattsburgh pou planifye yon delvopman ki oryante sou transpò piblik, ki a distans pou mache, e nap rete tan pou n kontinye yon gwo relasyon avèk kominote a ansanm avèk lidèchip li.”

Bernard Bassett, Sipèvizè Vil Plattsburgh te deklare, “Sa a se yon pwojè ki rekonpansan pou Vil Plattsburgh ak nan gwo zòn Plattsburgh la. Mèsi Gouvènè Cuomo, Regan Development, ansanm avèk tout moun ak òganizasyon yo ki te envesti nan fè pwojè sa vin posib. Volonte Mesye. Regan pou travay avèk nou pou ede melanje Pwopriyete yo nan kominote a epi pou ede fè pwojè sa, ak zòn avwazinan yo, ki adpate a pyeton. Pwopriyete yo ede pou reponn a bezwen pou bon jan kalite lojman a bon mache nan kominote nou an ki dinamik epi kreye nouvo djòb. Mwen kwè moun sila yo kap chèche yon bon kote pou yo viv ap byen resevwa devlopman sa.”

Samuel R. Dyer, Prezidan Lejislati Konte Clinton te deklare, “Pwopriyete yo sou Ampersand se yon bèl adisyon nan vil la ak nan tout konte a, ofri lojman ki non sèlman atreyan epi a bon mache, men ki gen aksè fasil a tout sa zòn nan gen pou ofri. Konte Clinton te kontan pou l bay yon bisabri dirèkteman sou sit la nan Pwopriyete yo sou Ampersand pou ofri transpòtasyon pratik pou rezidan li yo. Grasa Gouvènè Cuomo, Vil Plattsburgh, Regan Development, ansanm avèk tout patisipan yo nou te kreye yon gwo adisyon nan Konte Clinton.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418